## АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

### 8 КЛАСС

**1. Мы псалъэхэр сонорнэ макъ дэкIуашэкIэ къыщIедзэ икIи еух:**

а) уэтэр, мэрем, номин, мей, уэсий;
б) уэсмыч, псыгуэн, гухьэр, мафIэс;
в) уэздыгъэжь, нэз, плъыр, мухьэрэб;
г) уэс, мэз, къунан, плъыр.

**2. ФIыншэм къыщыхъу макъ дэкIуашэ дэгу хэтщ мы псалъэхэм:**

а) тетысхьэпIэ, псей, тхылъылъэ, щIэрыпс;
б) хъуэхъу, бэджыхъ, хъыжьэ, хъумпIэцIэдж;
в) уэркъгъусэ, кIапсэлэрыгъу, вагъуэкIэху, пэшхьэку;
г) гъунэгъу, пщыхьэщхьэ, гъэмахуэпс, нартыху.

**3. Ударенэр етIуанэ пычыгъуэм тохуэ мы псалъэхэм:**

а) къуажэтегуашэ, псалъэмакъыншэ, тешанкIэгъэкIэрахъуэ;
б) пIастэ, напэ, джыдэ, IумпIэ, унэ;
в) батырыбжьэ,ислъэмей, итырыгъу, тхьэлъэIупIэ;
г) тхьэмахуэ, уэздыгъэ, мэзхъумэ, хьэрфзешэ.

**4. Екъуа (дефис) дэту ятх мы псалъэхэр:**

а) Iэбжэ (набжэ), Iэшэ (лъашэ);
б) Iэщэ (фащэ), ефэ (ешхэ);
в) Iэбыдэ (лъэбыдэ), Iэпсо (лъэпсо);
г) нэшхуэ (гушхуэ), цIыкIу (фэкIу).

**5. Адыгэбзэм хэт** *пщыIэ* **псалъэм синоним хуохъу:**

а) пырхъуэ;
б) уэтэр;
в) чыл;
г) пыбгъыкI.

**6.** *«Гуэншэрыкъ гъурыр иIуэту, Умар гупсысэу здэщысым ...».* **Псалъэухам авторым къыщигъэсэбэпащ**

а) фразеологизм;
б) неологизм;
в) историзм;
г) архаизм.

**7.** *«Сэ абы куэдрэ си цIэм бацэ плъыфэр зэрыкIэригъапщIэр си жагъуэт ...».* **Псалъэухам къыщыкIуа щхьэ цIэпапщIэхэр итщ**

а) именительнэ падежым;
б) именительнэ, эргативнэ падежхэм;
в) послеложнэ, обстоятельственнэ падежхэм;
г) эргативнэ падежым.

**8. Мы псалъэухам щхьищ зиIэ глагол лъэIэс хэтщ:**

а) ЕгъэджакIуэм еджакIуэхэр урокым зэрыщIидзэжрэ егъатхэ;
б) Урокым зэрыщIидзэжрэ еджакIуэхэр егугъуу матхэ;
в) ЕгъэджакIуэм еджакIуэхэр тхакIуэм и сурэтым ирегъэплъ;

г) ЕджакIуэхэр адыгэ тхакIуэм траха сурэтым йоплъ.

**9. Лэжьыгъэм и къэхъукIэ наречие мы псалъэухам къыщокIуэ:**

а) Мысыхьэтым сэ, дауи, насыпыфIэу салъытэ хъунут;
б) Ухуеймэ, сыти щIэ, нобэ удэмыкIыну Iэмал иIэкъым;
в) МахуитI лъандэрэ мэжэщIалIэ адэмрэ къуэшымрэ сыхуэпIащIэрт;
г) Губгъуэм и дэнэ лъэныкъуэкIи Iэуэлъауэ макъыр щагъэшырт.

**10. Зи щхьэ хущымыт псалъэ лъэпкъыгъуэхэм хохьэ:**

а) причастиер, деепричастиер, наречиер;
б) послелогыр, частицэр, союзыр;
в) послелогыр, частицэр, междометиер;
г) послелогыр, частицэр, союзыр, междометиер.

**11. Зы псалъэу е псалъэ зыбжанэу гупсысэ пыухыкIа къэзыIуатэм**

а) псалъэ шэрыуэкIэ йоджэ;
б) псалъэжькIэ йоджэ;
в) псалъэухакIэ йоджэ;
г) псалъэ зэпхакIэ йоджэ.

**12. КIэрашэ Тембот зэритхымкIэ, Хьэтхым и къуэ Мыхьэмэт хэтащ**

а) 1812 гъэм Наполеон Урысейм къыщытеуам щыгъуэ екIуэкIа зауэм;
б) 1877-1878 гъэм екIуэкIа «Урыс-тырку зауэм»;
в) 1904-1905 гъэхэм екIуэкIа «Урыс-япон зауэм»;
г) 1918-1920 гъэхэм Урысейм щекIуэкIа Граждан зауэм.

**13. Щlагъуэ Нурий, мыдрисэм щылэжьа илъэсхэм, иригъэджащ**

а) Нэгумэ Шорэ;
б) ХьэтIохъущокъуэ Къазий;
в) ПащIэ Бэчмырзэ;
г) ЩоджэнцIыкIу Алий;

**14. Критик Нало Жансэхъу адыгэ лирикэм и зэхэублакIуэу къилъытащ**

а) ЩоджэнцIыкIу Алий;
б) ПащIэ Бэчмырзэ;
в) КIыщокъуэ Алим;
г) КIуащ БетIал.

**15. Къылышбий Исмэхьил мыпхуэдэ усэ итхащ:**

а) «Хъуэхъу»;
б) «Нанэ»;
в) «Iуэдыщэ»;
г) «Уэсят».

**16.** ***«И Iэгу и Iэнэщ»*** **псалъэ шэрыуэр хужаIэ хабзэщ**

а) Iэнэм бгъэдэмысу, шхэуэ къэзыкIухь цIыхум;
б) ерыскъыкIэ жумарту, хьэлэлу псэу цIыхум;
в) шхын щхьэкIэ лъаIуэу, и Iэгу ущIауэ уэрамым дэт цIыхум;
г) зыри имыIэу, тхьэмыщкIэу, къулейсызу псэу цIыхум.

Проверила
Лафи